


DOTE NAN MEN ANWO

SEMINÈ PREPARASYON POU TANP



MANYÈL ENSTRIKTÈ

DOTE NAN MEN ANWO

SEMINÈ PREPARASYON POU TANP

MANYÈL ENSTRIKTÈ

Pibliye pa
Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo
Salt Lake City, Uta

Dwa otè a

© 1995, 2003 pa Intellectual Reserve, Inc.


Tout dwa rezève

Enprime nan Etazini Damerik

Apwobasyon Anglè: 3/03


Apwobasyon tradiksyon: 3/03

Tradiksyon *Endowed from on High: Temple Preparation Seminar*
Haitian Creole



KONTNI

Entwodiksyon	iv
1. Tanp lan anseye Gwo Plan Sali a	1
2. Nou dwe diy pou nou antre nan tanp	6
3. Travay tanp pote gwo benediksyon nan lavi nou	12
4. Resevwa òdonans ak alyans tanp yo	16
5. Aprann nan men Senyè a pa mwayen senbòl	20
6. Prepare pou antre nan tanp sen an	25
7. Kontinye resevwa benediksyon frekantasyon tanp	29



ENTWODIKSYON

BI

Kou fòmasyon sa a la pou ede manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo prepare yo pou yo resevwa rekòmandasyon tanp yo epi pou yo ale nan tanp. Manm ki deja al nan tanp ka patisipe nan kou sa a tou pou yo aprann plis apwopo tanp.

PATISIPAN

Moun k ap patisipe nan kou sa a dwe gen dezi pou yo ale nan tanp epi yo dwe diy pou yon rekòmandasyon pou tanp. Si yo poko gen yon rekòmandasyon pou tanp, yo dwe prepare yo pou yo resevwa youn.

Si moun k ap patisipe yo pa ko pran yon klas LekòlDidimanch ki etidye manyèl *Prensip Levanjil* la, li rekòmande, men se pa yon egzijans, pou yo fè sa anvan yo pran kou sa a. Anvan yo pran kou sa a, yo dwe gen yon konpreyansyon ki rezonab sou prensip ak doktrin debaz levanjil la ak yon bòn volonte pou yo obeyi kòmandman Bondye yo, tankou lwa chastete, respekte Jou Saba a, Pawòl Sajès la, ak Lwa Dim lan. Diyite ak efò pou gen dwati pèsònèl nesèsè pou patisipe nan òdonans tanp yo.

Sou direksyon evèk la oswa prezidan branch lan, pawas la oubyen branch lan dwe pale sou fason pou itilize kou sa a kòm pati nan efò yo pou fòtifye fanmi yo epi pou ede mesye yo prepare yo pou yo resevwa Prètriz Mèlkisedèk la.

Chak moun k ap patisipe dwe resevwa yon envitasyon pèsònèl nan men evèk la oubyen prezidan branch lan oubyen nan men yon lòt dirijan Prètriz Mèlkisedèk nan pawas la osinon branch lan pou asiste klas la.

MOMAN AK KOTE

Klas pou kou sa a ka varye nan kantite, men yo dwe toujou anseye an ti gwoup nan nivo pawas la oubyen branch lan. Klas la dwe fèt nan yon chapèl oubyen nan yon kay. Kote a, lè a, ak tan fòmasyon an dwe reponn ak bezwen patisipan yo ak enstriktè a.

Liv la gen sèt leson. Men, enstriktè yo dwe pran tan manm klas yo bezwen pou chak leson. Sa ka mande plis pase yon kou pou chak leson.

MATERYÈL KLAS YO

Chak manm klas la dwe gen ekriti yo avèk yo nan klas la. Chak moun dwe genyen yon ti liv *Prepare pou antre nan tanp sen an* (36793), ki se lekti adisyonèl pou etidyan yo pou kou sa a. Yo fè referans avèk li souvan nan tout leson yo, e yo ka mande manm klas la pou yo li chak semèn pandan kou a ap prezante a.

ENSTRIKTÈ

Yo gen dwa aple selibatè oubyen moun ki marye pou anseye kou sa a. Enstriktè yo dwe gen gwo temwayaj solid sou levanjil la epi yo dwe sansib a chichotman Lespri a. Yo dwe manm ki deja dote ki gen rekòmandasyon tanp yo epi ki konprann enpòtans ak karaktè sakre bagay k ap fèt nan tanp yo.

Si sa posib, enstriktè yo dwe akonpaye moun k ap patisipe nan kou yo nan tanp lan lè yo pral fè òdonans tanp yo.

SIGJESYON POU ENSTRIKTÈ A

Anvan manm legliz yo ale nan tanp, yo dwe espiyèlman pare. Kòm yon pati preparasyon sa a, yo dwe gen bon konpreyansyon sou doktrin ki anrapò avèk plan sali a ak travay tanp. Ou gen privilèj pou ede lòt moun nan preparasyon sa a, pou dirije yo nan youn nan eksperyans ki pi sakre nan lavi yo. Ou dwe sansib ak chichotman Lespri a pou ou kapab prezante leson an nan fason k ap pi bon pou moun k ap patisipe yo. Sonje konsèy Senyè a: “M ap ba ou Lespri a pa lapriyè lafwa; epi si ou pa resevwa Lespri a ou pa dwe anseye” (D&A 42:14).

Li manyèl sa a depi nan kòmansman rive jis nan fen anvan ou fè premye leson an pou ou ka konprann kijan leson yo relye ansanm. Prepare chak leson byen alavans pou ou ka konprann ide yo pou ou kapab prezante yo byen. Lè w ap anseye leson yo, asire ou ke patisipan yo byen konprann ide yo anvan w ale nan yon lòt. Pa prese fini leson yo. Gen pasyans epi kite chak patisipan medite sou mesaj yo epi reponn sou yo.

Anvan chak leson epi nenpòt kilè nan leson yo, bay manm klas yo okazyon pou yo poze kesyon epi diskite ide yo. Ede yo aplike prensip yo ap aprann yo nan lavi yo. Itilize ekriti yo, ansèyman pwofèt dènye jou yo, ak gidans Lespri Senyè a pou w reponn kesyon yo.

Nan tout kou sa a, sonje karaktè sakre òdonans tanp yo. Jan yo eksplike l nan deklarasyon sa a, gen kèk aspè nan travay tanp yo ki pa dwe pale deyò tanp lan:

“Nou pa dwe pale sou òdonans tanp yo deyò tanp yo. Se pa janm nan entansyon pou konesans seremoni tanp sa yo limite a yon ti gwoup moun ki chwazi ki gen obligasyon pou asire yo ke lòt moun

pap janm aprann yo. Men anfèt, se toutafè lekotrè. Avèk gwo efò nou ankouraje chak nanm pou yo kalifye epi prepare pou eksperyans tanp.....

“Òdonans ak seremoni tanp yo senp. Yo bèl. Yo sakre. Yo kenbe yo konfidansyèl pou yo pa bay moun ki pa prepare pou tanp yo” (*Prepare pou antre nan tanp sen an*, 2).

Travay pou ranfòse pwòp temwayaj ou sou tanp, epi temwaye souvan pou klas la sou verite prensip w ap anseye yo. Bay manm klas yo okazyon tou pou yo rann temwayaj yo lè sa apwopriye.

Toujou sonje enpòtans kapital travay tanp. Èldè Boyd K. Packer te di: “Odonans yo ak alyans yo vin lesepase nou pou nou admèt nan prezans li. Viv diy pou resevwa yo se kèt tout yon lavi; respekte yo apre sa se eprèv mòtalite a” (nan Conference Report, Avril 1987, 27; oubyen *Ensign*, Me 1987, 24).



TANP LAN ANSEYE GWO PLAN SALI A

*“Paske, lavi etènèl
sèke yo konnen ou,
ou menm, sèl vrè
Bondye a ansanm
avèk moun ou te
voye sou tè a,
Jezikri” (Jan 17:3).*

OBJEKTIF

Ede manm klas yo konprann ke yo anseye plan Sali a nan tanp lan.

PREPARASYON

1. Anvan klas la kòmanse, prepare yon tablo oubyen yon postè pou ilustrasyon desen ki pa konplè a ki montre plan Sali a (gade paj 3). (Ou gen dwa fè yon desen ki pa konplè menmjan an sou yon moso papye pou chak manm klas la konplete pandan leson an.)
2. Asire ke chak manm klas la gen aksè ak liv ekriti yo. Eitou bay yo chak ti liv *Prepare pou antre nan tanp sen an*. Liv sa a dwe fè pati kòmand materyèl pou klas yo.
3. Ou ka anvi bay plizyè manm klas la ede ou nan dezyèm seksyon leson an. Ou ka bay yon manm klas la referans ekriti ki mansyone anba chak pati plan Sali a (lavi premòtèl, Chit la, elatriye) epi mande li pou l vini tou prepare pou l bay rezime sa ekriti sa yo anseye sou plan Sali a.
4. Si kasèt videyo *Come unto Me* an (53146) disponib, ou gen dwa pase pati ki rele “Lòm nan rechèch bonè li” a, yon ti fim ki dire 13 minit.

PREZANTASYON LESON AN

TANP LAN SE YON LEKÒL ESPIRITYÈL

Envite yon moun pou l fè priyè pou kòmanse a.

Eksplike ke w ap itilize ekriti yo pou chak leson. Ankouraje manm klas yo pou yo vini avèk ekriti yo chak fwa.

Distribye liv *Prepare pou antre nan Tanp sen an* bay chak manm klas la. Eksplike ke se yon sipleman etid pou etidyan pou kou a. Materyèl ki nan ti liv la ap diskite pandan tout leson yo, e chak manm klas la dwe li liv la pandan semèn y ap anseye yo kou a.

Kòmanse pa eksplike ke tanp lan se yon lekòl espirityèl ki ede nou aprann plis sou bi lavi a ak plan Sali a.

Fè manm klas yo li sitasyon sa yo, ki eksplike kèk sa nou aprann nan tanp:

Prezidan Gordon B. Hinckley te di tanp lan “vin yon lekòl fòmasyon nan bagay dous epi sakre Bondye yo. Ladan yo yo souliye pou nou plan yon Papa byeneme pou pitit gason li ak pitit fi l yo nan tout jenerasyon. Yo trase pou nou liy espartyèl vwayaj etènèl lòm soti nan egzistans premòtèl li pase nan lavi sa a pou rive nan lavi apre a. Yo byen eksplike, avèk klète ak senplisite, gwo verite fondamantal debaz yo yon fason pou tout moun k ap tande konprann” (“The Salt Lake Temple,” *Ensign*, Mas 1993, 5–6).

Prezidan Brigham Young te anseye ke òdonans tanp yo rele dotasyon an banou enstriksyon ki nesèsè pou lavi etènèl: “Dotasyon ou se, resevwa tout òdonans yo nan kay Senyè a, ki nesèsè pou ou, apre ou fin kite lavi sa a, pou ou kapab retounen nan prezans Papa a” (*Discourses of Brigham Young*, sel John A. Widtsoe [1954], 416).

Fè manm klas yo li Jan 17:3.

- Kisa ekriti sa a anseye nou sou konesans ki pi enpòtan nou ka resevwa?

“N ap mete yo aleprè pou nou wè si y ap fè tout sa Senyè a, Bondye yo kòmande yo” (Abraram 3:25).

Eksplike ke nan tanp lan, nou aprann plis sou Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri, epi nou vin kapab pwoche pi pre yo. Nou aprann plan yo pou nou, ke yo bay referans nan ekriti yo sou anpil kalite tit, tankou plan redanmsyon an oswa plan Sali a.


- Kisa ki te ede ou aprann plis sou plan Sali a ,rive nan minit sa a, nan lavi ou?
- Nan ki fason konpreyansyon ou sou pou plan Sali a beni lavi ou?

NAN TANP LAN YO ANSEYE NOU PLAN SALI A

Eksplike ke yo anseye nou plan Sali a kòm yon pati dotasyon tanp lan. Seksyon sa a ap ede manm yo prepare yo pou konprann ansèyman sa yo nan tanp lan.

Refere w ak ilustrasyon ki pa konplè ki sou tablo a epi repase enfòmasyon sa a, pandan w ap itilize ekriti yo pou ede manm klas yo konprann ide yo. Pandan w ap diskite sou ekriti yo, ekri yo nan plas ki apwopriye sou tablo a (gade tablo ki konplè a nan paj 5). Si manm klas yo gen pwòp kopi tablo pa yo, fè yo ekri referans ekriti yo sou li.

Si ou te bay kèk manm klas la tach pou ede ou, mande yo pou yo prezante enfòmasyon pa yo sou plan Sali a. Eksplike ke lesan sa a santre sou kesyon sa yo: Ki kote nou soti? Poukisa nou sou tè a? Ki kote nou prale apre lavi sa a?



Lavi premòtèl

1. Nou se pitit lespri Bondye, Papa nou ki nan Syèl la, epi nou t ap viv avèk li anvan nou te vin sou tè a (gade Women 8:16–17).
2. Papa nou ki nan Syèl la te fè yon gwo konsèy nan syèl la (gade Abraram 3:22–23). Li te prezante yon plan pou devlopman ak bonè etènèl nou, ki rele plan Sali. Nou te chwazi suiv plan Li a.
3. An amoni avèk plan an, Jezikri, Premye Pitit Gason Papa nou ki nan Syèl la, te pòte l volontè pou l te vin Sovè nou (gade Moyiz 4:2; Abraram 3: 27).
4. Lisifè, yon lòt pitit gason Bondye, te souleve kont plan Papa nou ki nan Syèl la epi li te “vle detwi libabit lòm.” Li menm avèk moun ki t ap suiv li yo te chase soti nan syèl la e yo te refize yo privilèj pou yo gen yon kò fizik ni fè eksperyans imòtalite a. Atravè tout listwa mond lan, Satan, jan yo rele Lisifè kounyeya, toujou ap eseye rann tout limanite mizerab menmjan avèk li nan tante yo pou yo fè bagay ki pa bon (gade Moyiz 4:1, 3–4; 2 Nefi 2:17–18).

Chit la

1. Adan ak Èv te chwazi pou yo te premye pitit Papa nou ki nan Syèl la ki te vin sou tè a e yo te mete yo nan Jaden Eden. Nan moman sa a, kò yo pa t mòtèl (gade Moyiz 3:7–8. 21–23).
2. Adan ak Èv te chwazi manje fwi Bondye te defann yo manje a. Kòm rezilta, yo te soti nan prezans Bondye. Yo rele separasyon sa a lanmò espiritiyèl. Yo te vin mòtèl, ki vle di, kò fizik yo te vin ka mouri. Yo te vin kapab fè pitit tou. Chanjman pou pase nan kondisyon mòtèl la rele Chit la (gade 2 Nefi 2: 19–25; D&A 29:40–41).

Lavi mòtèl

1. Tout moun ki te chwazi, nan lavi premòtèl la, pou yo suiv plan Papa nou ki nan Syèl la gen yon kò fizik pa nesans yo sou tè sa a. Pandan lavi mòtèl nou, yo teste nou pou wè si nou ap gen volonte viv pa lafwa epi obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la yo lè nou pa nan prezans li (gade Alma 34:32; Abraram 3:24–26).
2. Nan imòtalite a, chak moun lib pou chwazi si l ap suiv Bondye oubyen suiv Satan (gade 2 Nefi 2:27).

Lanmò ak Rezirèksyon

1. Lè nou mouri, lespri nou antre nan mond lespri yo, epi kò nou rete sou tè a. Peryòd separasyon sa a kontinye jiskaske moman rezirèksyon nou rive. Yo resevwa lespri moun ki jis yo nan yon eta lapè ak bonè, ki rele paradi. Yo mete lespri moun ki mechan yo nan yon eta fènwa, ke yo rele prizon kèkfwa (gade Alma 40:9–14; gade tou 1 Pyè 3:19).
2. Ekspyasyon ak Rezirèksyon Jezikri bay mwayen pou tout limanite simonte lanmò fizik la kote y ap resisite. Rezirèksyon vle di lespri nou ak kò pafè nou ap vin reyini pou letènite (gade 1 Korentyen 15:22; 2 Nefi 9: 10–13; Alma 11:42–44).
3. Ekspyasyon Jezikri a bay tou mwayen pou nou jwenn padon pou peche nou yo epi vin pwòp pou nou ka viv nan prezans Bondye. Sovè a te soufri pou peche tout limanite nan Jaden Jetsemane ak sou kwa a. Kòm rezilta Ekspyasyon l lan, nou ka repanti pou peche nou yo epi jwenn padon. Si n ap viv levanjil la, nou ka kalifye pou nou resevwa kado lavi etènèl la epi vin tankou li menm (gade Mozya 3:5–12).

*“Nou kwè ke
atravè Sakrifis
Ekspyatwa Kris la,
tout limanite ka
sove, si yo obeyi
lwa ak òdonans
levanjil la”
(Atik Lafwa 1:3).*

Wayòm glwa yo

Nan moman rezirèksyon an, y ap voye chak moun nan yon wayòm glwa. Moun ki te viv jis yo ap eritye gwo lajwa ak benediksyon pase moun ki pa t obeyi kòmandman Bondye yo (gade 1 Korentyen 15:35, 40–42).

1. Glwa telès la se pou moun ki pa resevwa levanjil Jezikri a ni temwayaj Jezi ni temwayaj pwofèt Bondye yo, epi ki mennen yon lavi peche (gade D&A 76:81–88, 98–103).
2. Glwa terès la se pou moun onorab latè a ke yo twonpe ak moun ki pa t vanyan nan temwayaj Jezikri yo (gade D&A 76:71–79).
3. Glwa selès la rezève pou moun ki obeyi kòmandman yo epi ki resevwa òdonans yo, ki simonte tout bagay pa lafwa nan Jezikri, epi ki vin pi nan kè yo (gade D&A 76:50–70).

Mande manm klas yo pou yo reponn kesyon sa yo:

- Kisa nou aprann sou plan Sali a ke nou pa t konnen anvan?
- Kijan nou santi nou lè n ap panse sou pati pa Jezikri nan gwo plan sa a?
- Nan ki fason nou ka montre Papa nou ki nan syèl la ak Jezikri ke nou rekonesan pou plan yo a?


Pou mete aksan sou gwo enpòtans Ekspyasyon Sovè a nan Plan Sali a, ekri twazyèm atik lafwa a anba tablo fini an jan yo montre l la.

KONKLIZYON

Mete aksan ke tanp lan ba nou konesans sou plan sa a, konesans k ap pote gwo benediksyon nan lavi nou. Rann temwayaj ou sou benediksyon ou resevwa paske ou konprann plan Sali a epi w ap viv prensip levanjil yo.

Ou gen dwa fini avèk fim “Lòm nan rechèch bonè li” a.

Envite yon moun fè priyè final la.



“Nou kwè ke pa Sakrifis Ekspyatwa Kris la, tout limanite ka sove, si yo obeyi lwa ak òdonans levanjil yo” (Atik Lafwa 1:3).



NOU DWE DIY POU NOU ANTRE NAN TANP

*“Pi gwo dezi kè
mwen se pou jwenn
chak manm legliz
la diy pou ale nan
tanp. Mwen espere
ke chak manm
grandèt ap diy pou
genyen—epi mache
avèk—yon rekò-
mandasyon tanp
ki valid” (Prezidan
Howard W. Hunter).*

OBJEKTIF

Ede manm klas yo konprann ke yo dwe diy pou yo antre nan tanp lan.

PREPARASYON

1. Yon ti tan anvan ou fè leson sa a, mande evèk la oubyen prezidan branch lan pou prezante enfòmasyon sou pwosesis pou yon moun gen yon rekòmandasyon pou tanp. Materyèl yo sigjere pou prezantasyon sa a nan paj 10–11 seksyon “Pwosesis pou gen yon rekòmandasyon pou tanp lan se yon benediksyon.” Si evèk la oubyen prezidan branch lan pa disponib, ou ka mande youn nan konseye l yo pou l fè prezantasyon an.
2. Ekri sitasyon sa a sou tablo a oubyen sou yon afich: “Mwen envite tout manm legliz yo pou yo viv avèk plis atansyon pou lavi ak egzansyon Senyè a Jezikri” (Prezidan Howard W. Hunter, nan Conference Report, Okt. 1994, 7; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 8).

PREZANTASYON LESON AN

Envite yon moun fè priyè pou kòmanse a.

Mande manm klas la si yo gen kesyon. Pran tan sa mande pou reponn tout kesyon yo pi bon fason ou kapab epi jan lespri Senyè a gide ou. Sonje ke nou pa dwe pale sou kèk bagay k ap fèt nan tanp lan lè nou deyò tanp lan.

Eksplike ke moun ki antre nan tanp dwe montre lafwa yo nan Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri pandan y ap viv levanjil la epi respekte kòmandman yo. Yo dwe moralman pwòp, peye yon dim konplèt, obeyi Pawòl Sajès la, sannktifye Jou Saba a, epi efòse yo pou yo viv diy nan tout lòt bagay. Epitou yo dwe entèvyouve pa evèk la oubyen prezidan branch lan epi pa prezidan pye a oubyen prezidan misyon an ki va twouve si yo diy pou yo resevwa yon rekòmandasyon tanp. Leson sa a ap fè yon repase sou kèk prensip levanjil ak kòmandman manm klas yo dwe viv pou yo ka diy pou yo ale nan tanp.

PWÒPTE MORAL

Eksplike ke Senyè a ak pwofèt li yo toujou ap anseye gwo enpòtans pou yon moun moralman pwòp. Prezidan Gordon B. Hinckley te anseye:

“Nou kwè nan chastete anvan maryaj ak fidelite total apre maryaj. Sa rezime tout bagay. Se chemen bonè lavi a. Se chemen satisfaksyon. Sa pote lapè nan kè ak lapè nan fwaye” (nan Conference Report, Oktòb 1996, 68; oubyen *Ensign*, Novanm 1996, 49).

Li ekriti sa yo ansanm:

D&A 42:22–24 (Senyè a kòmande nou pou nou renmen konjwen nou epi pou nou pa kouri dèyè okenn lòt moun; Li kòmande nou pou nou pa fè adiltè.)

D&A 121:45 (Senyè a kòmande nou pou nou “kite vèti gani panse nou san rete.”)

1 Timote 4:12 (Nou dwe bay egzanp pite.)

1 Nefi 10:21 (Pa gen okenn bagay ki pa pwòp ki ka rete nan prezans Bondye.)

Atik Lafwa 1:13 (Nou kwè nou dwe chas plen vèti.)

- Poukisa Senyè a mete sitèlman aksan konsa sou pwòpte moral?
- Ki kèk rezilta imoralite nou ka wè nan mond lan ki antoure nou an? Ki kèk benediksyon nou jwenn nan viv yon lavi ki moralman pwòp?

Mande manm klas yo pou pote atansyon sou sitasyon ou te ekri sou tablo a oubyen sou afich la (gade seksyon “Preparasyon ” an nan leson sa a).

- Nan ki fason konsèy sa a ede nou menm ansanm avèk pitit nou pou reziste anba tantasyon mond lan yo epi viv moralman pwòp?

Dim

Mande manm klas yo pou yo li D&A 119:4.

Fè wè ke Premye Prezidans lan te bay eksplikasyon sa a sou dim: “Deklarasyon ki pi senp nou konnen sou li se deklarasyon Senyè a bay li menm, ki di ke, manm legliz sa a dwe peye ‘yon dizyèm sou tout sa yo rantre pa ane,’ sa ki vle di sou revni yo” (lèt Premye Prezidans lan, 19 Mas 1970). Fon dim lan itilize pou bati chapèl ak tanp, pou soutni travay misyonè, epi pou bati wayòm Bondye a sou tè a.

Pataje deklarasyon sa a pa Prezidan James E. Faust:

“Dim se yon prensip ki fondamantal pou lajwa pèsònèl ak byennèt manm legliz yo nan tout mond lan, ni rich ni pòv. Dim se yon prensip sakrifis epi se kle pou ouvri fenèt syèl yo..... Manm legliz la ki pa dime yo pap pèdi kalite manm yo; yo senpleman pèdi benediksyon yo” (nan Conference Report, Okt 1998, 73–74; oubyen *Ensign*, Nov 1998, 58–59).

Repase ekriti sa yo avèk manm klas yo:

Levitik 27:30 (Dim se pou Senyè a; li sen pou Senyè a.)

Malachi 3:8–11 (Nou vòlè Bondye lè nou kenbe dim nou; Bondye ap beni an abondans moun ki peye dim yo.)

- Ki benediksyon nou konn resevwa paske nou peye dim nou?
- Nan ki fason nou vòlè Bondye lè nou pa peye dim nou? (Gade D&A 104:14.)

Eksplike ke chak ane yo mande manm yo pou yo rankontre evèk yo oubyen prezidan branch pou règleman dim pou yo di li si yo peye yon dim konplèt. Rankont sa a se yon okazyon manm yo genyen pou yo evalye kijan yo respekte kòmandman enpòtan sa a.

PAWÒL SAJÈS LA

Eksplike ke anvan nou antre nan tanp, Senyè a atann ke nou pa gen move abitud ki rann lavi nou pa pwòp epi ki fè nou malad, ni espirityèlman ni fizikman.

Li kèk pati oubyen tout ekriti sa yo:

1 Korentyen 3:16–17 (Kò nou se tanp Bondye e yo pa dwe souye li.)

D&A 89 (Revelasyon sa a koni kòm Pawòl Sajès la. Vèsè 1–9 pale sou bagay nou pa dwe antre nan kò nou; vèsè 10–17 pale sou bagay ki bon pou kò nou; vèsè 18–21 dekri pwomès Senyè a fè moun ki respekte kòmandman l yo.)

- Ki bagay nan mond lan jodi a ki ka enflyanse nou pou nou pa respekte kòmandman yo ba nou nan Pawòl Sajès la?
- Nan ki fason nou ka ede tèt nou ak pitit nou pou respekte lwa sante Senyè a?

Mande manm klas yo pou yo li D&A 29:34.

- Nan ki fason nou panse obeyi Pawòl Sajès la ka beni nou espirityèlman osi byen fizikman?
- Ki kèk “gwo trezò konesans” (D&A 89:19) nou ka resevwa lè nou respekte kòmandman sa yo?

Pataje deklarasyon sa a ki fèt pa Prezidan Boyd K. Packer:

“Sa nou aprann espirityèlman depann, nan yon sans, sou fason nou trete kò nou. Se poutèt sa Pawòl Sajès la si enpòtan.

“Sibstans ki kreye depandans ke revelasyon sa a defann yo—te, kafe, likè, tabak—aji sou santiman delika kominikasyon espirityèl yo, nan menm jan lòt dwòg yo fè tou.

“Pa inyore Pawòl Sajès la, paske sa ka anpeche nou jwenn ‘gwo trezò konesans yo, menm trezò ki kache yo’ yo pwomèt nou yo si nou respekte li. Epi bon sante se yon lòt benediksyon ladan tou” (nan Conference Report, Okt 1994, 78; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 61).

JOU SABA A

Li ansanm Egzòd 20:8–11.

Eksplike ke yo toujou kòmande pèp Senyè a pou yo sannktifye jou Saba a. Senyè a pwomèt gwo benediksyon a moun ki fè sa.

Mande manm klas yo pou yo li D&A 59:9–13.

- Ki rezon prensipal Senyè a bay pou nou sanktifye Jou Saba a?
- Nan ki fason D&A 59:9–13 ka gide nou nan obsèvasyon Jou Saba a?
- Ki kèk benediksyon yo pwomèt moun ki byen respekte Jou Saba a?

Kòm yon pati lesan sa, pataje prensip sa yo, ki te anseye pa Èldè James E. Faust:

“Poukisa Bondye mande nou pou nou onore jou Saba a? Mwen panse gen omwen twa rezon. Premye an gen rapò avèk bezwen nou fizikman pou nou repoze epi renouvle....

“Dezyèm rezon an, nan opinyon pa mwen, gen pi gwo siyifikasyon ankò. Li gen rapò avèk bezwen nou pou nou rejenere epi ranfòse nan byennèt espirityèl nou.....

“Twazyèm rezon an ka sa ki pi enpòtan nan twa yo. Li gen rapò ak obeyisans kòmandman yo antanke yon ekspresyon lanmou nou pou Bondye. Gen benediksyon pou moun ki pa bezwen okenn lòt rezon pase lanmou Sovè a pou yo respekte kòmandman l yo” (nan Conference Report, Okt 1991, 46–47; oubyen *Ensign*, Nov. 1991, 35).

- Ki kèk benediksyon nou resevwa nan lavi nou paske nou sanktifye jou Saba a?

Mande manm klas yo pou yo angaje tèt yo pou yo viv pa kòmandman yo pale jodi a yo: pwòpte moral, dim, Pawòl Sajès la, ak obsèvasyon Jou Saba a. Apre sa y ap pi byen prepare pou yo ale nan tanp epi resevwa benediksyon Senyè a yo nan plis abondans.

PWOSIS JWENN YON REKÒMANDASYON POU TANP LAN SE YON BENEDIKSYON

Eksplike ke anvan manm yo ka ale nan tanp, yo chak dwe diy pou resevwa yon rekòmandasyon pou tanp. Jan li eksplike nan deklarasyon sa a, pwosis pou jwenn rekòmandasyon sa a ka beni lavi chak moun:

“Mwen ... envite manm legliz yo pou yo fè tanp Senyè a vin pi gwo senbòl kalite manm yo ak kad selès alyans ki pi sakre yo” (Prezidan Howard W. Hunter).

“Evèk la gen responsablite pou l poze kesyon sou diyite pèsònèl nou. Entèvyou sa a gen gwo enpòtans pou nou antanke manm legliz la, paske se yon okazyon pou nou repase lavi nou avèk yon sèvitè òdone pa Senyè a. Si gen yon bagay ki pa dwat nan lavi nou, evèk la ap kapab ede nou rezoud li. Atravè pwosede sa a, pandan nou ap konseye avèk sèl jij nan Izrayèl la, nou ka deklare oubyen li ka ede nou tabli diyite nou pou nou antre nan tanp avèk apwobasyon Senyè a” (*Prepare pou antre nan tanp sen an*, 3).

Eksplike ke evèk la oubyen prezidan branch lan ak prezidan pye a oubyen prezidan misyon an entèvyouve tout moun ki bezwen yon rekòmandasyon pou tanp pou premye fwa ak moun ki ap planifye pou yo marye nan tanp. Konseye yo nan episkopa a ak nan prezidans pye a ka entèvyouve moun k ap renouvle rekòmandasyon tanp yo.

Nan moman sa a, mande evèk la oubyen prezidan branch lan oubyen youn nan konseye nan episkopa a pou l fè yon prezantasyon sou rekòmandasyon pou tanp. Li pa dwe li kesyon yo bay pou entèvyou yo devan yon gwoup, men li ka prezante ide sou sa manm klas yo ka atann lè y ap entèvyouve yo pou yon rekòmandasyon pou tanp. Deklarasyon sa a ka itilize kòm yon gid.

Manm k ap chèche genyen yon rekòmandasyon tanp dwe gen temwayaj sou Papa nou ki nan Syèl la, sou Senyè Jezikri, ak sou Sentespri a. Yo dwe soutni pwofèt Senyè a, lòt Otorite Jeneral yo, ak otorite lokal legliz yo. Yo pa dwe gen rapò ni afilye avèk gwoup oswa moun ki apostazyè soti legliz la ni ki gen ansèyman ak pratik ki kontrè a pa levanjil la yo.

Moun k ap chèche gen rekòmandasyon yo dwe ale fidèlman nan reyinyon Sentsèn yo, reyinyon Prètriz yo ak lòt reyinyon legliz yo. Yo dwe an tout konsyans mayifye apèl otorite Prètriz la bayo. Yo dwe efòse yo pou yo respekte tout kòmandman Senyè a, ladan yo peye yon dim konplèt, viv onèt nan pawòl ak nan aksyon, epi pa itilize te ni kafe, ni alkòl, ni tabak, ni lòt bagay nuizib ki kreye depandans.

Yo dwe viv lavi ki pi epi ki gen vèti; epi yo dwe obeyi lwa chastete Senyè a, ki entèdi relasyon seksyèl avèk lòt moun ki pa konjwen ke yo marye legalman avèk li a. Yo dwe an amoni avèk prensip levanjil yo ni nan relasyon espiyityèl ni nan relasyon fizik avèk lòt manm fanmi yo. Yo pa dwe enplike nan okenn abi espiyityèl, fizik, mantal, ni emosyonèl sou lòt moun.

Yo dwe gen volonte pou yo konfese peche yo epi abandone yo. Peche serye, tankou transgresyon moral, abi sou manm fanmi yo, afilyasyon a gwoup oswa pratik apostata, oubyen vyolasyon serye lwa peyi yo, dwe konfese a evèk la oswa prezidan branch lan lontan anvan yon entèvyou pou rekòmandasyon pou tanp. Si konsyans yon moun, ki se Limyè Kris la yo bay tout moun nan, pote yon moun poze tèt li

kesyon si yon bagay dwe diskite avèk evèk la oubyen prezidan branch lan ou pa, se sèten li dwe pale sou sa.

Moun ki divòse yo ka bezwen gen otorizasyon evèk la oubyen prezidan branch lan ak otorizasyon prezidan pye a oubyen prezidan misyon an pou yo ba yo yon rekòmandasyon tanp. Yo dwe toujou annakò avèk règ divòs yo, ladan yo pou moun nan ajou nan pemen yo dwe bay konjwen an.

Manm k ap chèche jwenn yon rekòmandasyon pou tanp dwe entèvyouve pa yon manm prezidans pye a oubyen misyon an apre yo fin entèvyouve pa yon manm episkopa a oubyen prezidan branch lan. Kèk moun ka mande poukisa. Lè n ap chèche gen yon rekòmandasyon tanp, nou tou senpleman ap chèche jwenn pèmision Senyè a pou nou antre nan tanp lan. Nou gen privilèj pou nou deklare diyite nou devan de temwen ki se sèvitè Senyè a otorize. Se yon benediksyon pou nou pou nou afime diyite nou pou nou antre nan tanp sen an devan sèvitè Senyè a yo.

KONKLIZYON

Pou nou mete aksan sou enpòtans pou yon moun diy pou antre nan tanp epi toujou gen yon rekòmandasyon ki valid, repase deklarasyon sa a ki te fèt pa prezidan Howard W. Hunter:

“Mwen envite manm legliz yo pou yo fè tanp vin pi gwo senbòl kalite manm yo ak kad selès alyans ki pi sakre yo. Pi gwo dezi kè mwen se pou wè chak manm legliz la diy pou ale nan tanp. Mwen espere chak manm grandèt ap diy pou yo genyen—epi mache avèk—yon rekòmandasyon tanp, menmsi pa gen tanp ki tou pre pou yo ale” (site nan Jay M. Todd, “Prezidan Howard W. Hunter,” *Ensign*, Jiyè 1994, 5).

Rann temwayaj ou sou benediksyon ki vini nan lavi ou pandan w ap viv diy pou w ale nan tanp.

Envite yon moun fè priyè final la.



TRAVAY TANP POTE GWO BENEDIKSYON NAN LAVI NOU

“Epi nou mande ou, Papa ki sen, ke sèvitè ou yo ka mache soti nan kay sa a ame avèk pouvwa ou, e ke non ou sou yo, e ke laglwa ou antoure yo” (D&A 109:22).

OBJEKTIF

Ede manm klas yo konprann ke moun ki vin nan tanp diyman ap resevwa gwo benediksyon nan men Senyè a.

PREPARASYON

1. Avèk swen repase ekriti ki itilize nan leson sa a pou ou ka prepare pou w dirije diskisyon klas la sou yo.
2. Ou gen dwa prepare pou w fè manm klas la chante yon chan sou travay tanp, tankou, “Nous aimons ta maison” (Cantiques #152), oubyen sou nati etènèl laverite.
3. Si *Videyo Sipleman 2 pou Sware Familyal la* (5x736) disponib, ou gen dwa pase “Tanp yo se pou alyans etènèl” la, yon ti fim sis minit ki sou kasèt la.

PREZANTASYON LESON AN

Envite yon moun fè priyè pou kòmanse a

Mande manm klas yo si yo gen kesyon. Pran tan sa mande pou reponn tout kesyon yo pi bon fason ou kapab epi jan lespri Senyè a gide ou. Sonje ke nou pa dwe pale sou kèk bagay k ap fèt nan tanp lan lè nou deyò tanp lan.

TRAVAY TANP TE EGZISTE DEPI NAN TAN ANSYEN YO

Ou gen dwa kòmanse pa chante ansanm yon chan sou travay tanp oubyen sou nati etènèl laverite.

Eksplike ke Senyè a toujou kòmande pèp li pou yo bati tanp. Li te revele travay ki pou fèt nan tanp yo.

- Sou ki tanp oubyen tabènak yo pale nan ekriti yo?

Envite manm klas yo pou yo repase endèks ekriti yo pou yo jwenn referans ki anrapò avèk tanp ak tabènak. Ou gen dwa fè lis repons yo sou tablo a. Ou ka fè yo repase ekriti sa yo tou:

Tabènak Moyiz la: Egzòd 40:1–2, 34–38

Tanp Salomon an: 2 Kwonik 3:1–2; 5:1

Tanp Ewòd la: Matye 21:12–15

Tanp Nefit yo: 2 Nefi 5:16; Mozya 1:18; 3 Nefi 11:1

Eksplike ke akòz apostazi, tout tanp sa yo te vin pèdi bi reyèl yo e yo te detwi. Travay tanp nan tout plenitud li te vin retabli nan epòk pa nou an pa Pwofèt Joseph Smith, sa ki pote gwo benediksyon nan lavi nou.

Èldè Bruce R. McConkie te di: “Batisman enspire ak bon itilizasyon tanp se youn nan pi gwo prèv sou divinite travay Senyè a..... Kote ki gen tanp, avèk lespri revelasyon ki repoze sou moun ki ap administre andedan yo, se la n ap jwenn pèp Senyè a; kote ki pa gen tanp, legliz la, wayòm nan ak verite syèl la pa la” (*Mormon Doctrine*, 2zyèm edisyon [1966], 781).

YO PWOMÈT GWO BENEDIKSYON POU MOUN KI ALE NAN TANP DIYMAN

Tanp lan, oubyen kay Senyè a, se kote nou ale pou nou prepare nou pou egzaltasyon nan wayòm selès la. Nan kote sa a nou aprann plis sou Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri. Nou fè alyans avèk yo, e yo pwomèt nou gwo benediksyon ki mèveye.

Nan D&A, Senyè a dekri nou kèk benediksyon ki vini pou moun ki ale nan tanp epi ki ap viv alyans yo te fè nan kote sa a diyman. Kèk nan benediksyon sa yo dekri nan seksyon 109, ki se priyè dedikas tanp Kirtland lan. Yo te bay Joseph Smith pawòl priyè sa a pa revelasyon.

Prezidan Howard W. Hunter te di “priyè sa a kontinye ap egzose pou nou endividyèlman, antanke fanmi, epi antanke pèp gras a pouvwa Prètriz la Senyè a banou pou nou itilize nan sen tanp li yo” (*The Great Symbol of Our Membership*, “*Ensign*, Okt 1994, 4).

Prezidan Hunter te site lè sa a kèk vèsè ki soti nan seksyon 109 la. Mande manm klas yo pou yo li vèsè sa yo: D&A 109:10–12, 22–23, 59, 67, 72, 75. Mande yo pou yo gade ki benediksyon ki mansyone pa Senyè a.

Aprè yo fin li, mande yo pou yo fè lis benediksyon yo idantifye yo. Ekri kòmantè yo sou tablo a. Benediksyon yo pale yo ka gen ladan yo:

1. Glwa Senyè a ap sou pèp li a.
2. Sèvitè Senyè a ap kite tanp lan avèk pouvwa Senyè a, non li, ak glwa li epi zanj yo ap toujou pran swen yo.
3. Sèvitè Senyè a yo ap pote verite levanjil la soti nan tanp lan rive jis nan fen tè a.
4. Pye yo ap òganize pou pèp Senyè a ka rasanble
5. Tout Izrayèl dispèse ap aprann verite a epi y ap rejwi.
6. Senyè a ap sonje fanmi sen yo ak tout malad yo ak aflije yo.

“Wi, prezans mwen dwe [nan kay mwen], paske m ap vin nan li, epi tout moun ki pi nan kè ki vin ladan ap wè Bondye” (D&A 97:16).

7. Wayòm Senyè a ap ranpli tout tè a.

8. Sèvitè Senyè a yo ap elve al rankontre Senyè a epi y ap avèk li pou tout tan.

- Kijan ou santi ou lè w ap konsidere benediksyon mèveye sa yo ki pwomèt pou moun ki ale nan tanp diyman epi k ap onore alyans yo?

Prezidan Howard W. Hunter te di: “Èske janm gen yon pèp ki gen pwomès enspiran epi mèveye konsa! Se pa etonan ke Senyè a vle ke disip li yo suiv bon egzanp li epi dirije vè tanp li” (*Ensign*, Okt 1994, 5).

Senyè a fè pwomès ki konekte avèk tanp tou nan D&A 97. Mande manm klas yo pou yo li D&A 97:15–21.

- Kisa vèsè 15–17 anseye nou sou sa pèp Senyè a ta dwe fè pou yo kalifye pou benediksyon Senyè a nan tanp li? (Rete pi nan kè e pa pèmèt okenn bagay ki pa pwòp vin nan tanp yo.)

Eksplike ke moun ki pi nan kè yo rele Siyon. Vèsè 15–21 anseye ke nou ka ede bati Siyon lè nou al nan tanp diyman, lè nou efòse nou pou nou pi nan kè epi pa kowonp pa sa ki mal.

- Ki benediksyon ki pwomèt nan vèsè sa yo a moun ki diy pou yo rele Siyon?

Eksplike te gen yon vil ki te rele Siyon ki te egziste nan tan ansyen yo. Vil sa a te bati pa pwofèt Enòk ak pèp li a. Li te anlve al nan syèl paske pèp li te jis anpil (gade D&A 38:4; Moyiz 7:18–21, 69).

Siyon ap egziste tou nan dènye jou yo. Nan dizyèm atik lafwa a, Senyè a pwomèt ke gen yon vil ki rele Siyon k ap bati nan kontinan Amerik la. Mande manm klas yo pou yo li Atik lafwa sa a. Eksplike ke pèp Izrayèl ki dispèsè a ap rasanble nan gwo vil sa a (gade D&A 103:11–13).

Jodi a, yo konseye manm legliz yo pou yo vin diy pou yo ale nan tanp epi bati Siyon kèlkeswa kote y ap viv nan mond lan. Nou dwe rann fwaye nou tankou tanp—kote ki pi, ki gen lanmou, ki gen revelasyon pèsònèl.

- Kisa nou ka fè pou nou vin pi pi nan kè?

- Nan ki fason mond lan kèkfwa rann li di pou yon moun rete pi nan kè?

- Nan ki fason nou ka ede fanmi nou, branch nou, oubyen pawas nou pou vin pi nan kè?

Eksplike ke moun ki fè epi ki respekte alyans tanp yo epi ki eseye nan tout lavi yo pou yo vin pi nan kè se moun sa yo k ap ede bati Siyon.

KONKLIZYON

Rann temwayaj ou ke moun ki ale nan tanp diyman ap resevwa gwo benediksyon nan men Senyè a, ladan yo benediksyon vin yon pèp Siyon. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou vin diy pou benediksyon sa yo epi vin pi nan kè.

Ou gen dwa pase fim videyo “Tanp yo se pou Alyans Etènèl” la.

Envite yon moun fè priyè final la.



RESEVWA ALYANS AK ÒDONANS TANP YO

“Epi san òdonans sa yo, ak otorite prèttriz la, pouvwa divinite a pa manifeste sou lèzòm nan lachè” (D&A 84:21).

OBJEKTIF

Pou ede manm klas yo konprann enpòtans alyans ak òdonans tanp.

PREPARASYON

1. Si l disponib nan zòn kote w ap viv la, ou ka pase videyo *Together Forever* a (53411). Prezantasyon an dire apeprè 27 minit.
2. Ou gen dwa prepare pou w fè manm klas yo chante “Ah donne-moi, Père” (Cantiques #000)

PREZANTASYON LESON AN

Envite yon moun pou l fè priyè pou kòmanse a.

Mande manm klas la si yo gen kesyon. Pran tan sa mande pou reponn tout kesyon yo pi bon fason ou kapab epi jan lespri Senyè a gide ou. Sonje ke nou pa dwe pale sou kèk bagay k ap fèt nan tanp lan lè nou deyò tanp lan.

NAN TANP LAN NOU RESEVWA ÒDONANS EPI NOU FÈ ALYANS

Eksplike ke nan tanp lan nou resevwa òdonans k ap pèmèt nou retounen nan prezans Bondye. Epitou, nou fè alyans pou nou viv lwa levanjil yo. Materyèl sa yo ap banou enfòmasyon sou òdonans ak alyans an jeneral, ak òdonans ak alyans tanp yo an patikilye.

Òdonans

Eksplike ke yon òdonans se yon seremoni sakre ki gen yon sans ak yon efè espartyèl.

Mande manm klas yo pou yo site kèk òdonans nan legliz la. (Yo ka site nonmen epi beni bebe yo, batèm, konfimasyon, Sentsèn, òdinasyon nan prèttriz la, ak òdonans tanp.)

Eksplike ke òdonans ki fèt pa pouvwa prèttriz la yo esansyèl pou egzaltasyon nou. Se pa òdonans sa yo ke nou resevwa pouvwa Bondye nan lavi nou.

Mande manm klas yo pou yo li D&A 84:19–21.

“Nou fè alyans pou nou bay tout sa nou genyen kòm tan ak lajan ak talan—tout sa nou ye ak tout sa nou pose—pou enterè wayòm Bondye a sou tè a” (Prepare pou antre nan tanp sen an, 35).

- Kisa ki nesèsè pou nou ka gen pouvwa divinite a manifeste nan lavi nou? (òdonans Prètriz Mèlkisedèk yo. “Pi gran prètriz” la yo pale nan vèsè sa yo se Prètriz Mèlkisedèk la.)

Mande manm klas yo pou yo vire nan paj 29 nan liv *Prepare pou antre nan tanp sen an*. Mande youn pou l li deklarasyon sa a fò:

“Nan ki mezi òdonans yo enpòtan pou nou antanke manm legliz la?”

“Èske nou ka gen kè kontan, nou ka rachte, nou ka egzalte san yo? Repons: Yo plis pase bon oswa dezirab, e menm plis pase nesèsè. Yo menm plis pase endispansab oubyen vital, yo *detèminan* pou nou chak.”

Alyans

Eksplike ke yon alyans se yon kontra ki sakre ant Bondye avèk yon moun oubyen yon gwoup moun. Bondye tabli kondisyon esansyèl yo, e li pwomèt l ap beni nou si nou obeyi kondisyon sa yo. Lè nou chwazi pou nou pa respekte alyans yo, nou pa ka resevwa benediksyon yo, e nan kèk ka nou gen yon pinisyon kòm konsekans dezobeyisans nou. Òdonans Prètriz la pou sove yo toujou akonpaye pa alyans.

- Ki alyans nou te fè avèk Senyè a rive nan pwen sa a nan lavi nou? (Manm klas yo ka pale de alyans batèm, ki renouvle chak fwa nou pran Sentsèn.)
- Ki alyans nou fè lè nou batize? (Gade Mozya 18:8–10; D&A 20:37.)

Eksplike ke lè nou fè alyans avèk Bondye, nou eksprime dezi nou pou nou sèvi Bondye ak bòn volonte nou pou nou obeyi nan tout sa li mande nou. Anretou, Bondye pwomèt nou anpil benediksyon ki mèveye. Nou dwe fè epi respekte alyans yo pou nou ka pwogrese rive nan lavi etènèl.

Alyans ak òdonans tanp yo

Eksplike ke òdonans tanp yo gen ladan yo dotasyon ak sèlman (maryaj tanp ak sèlman paran avèk pitit yo) pou ni vivan ni mò. Òdonans batèm pou mò yo akonpli nan tanp, menmjan tou avèk lòt òdonans yo. Nan òdonans tanp yo, nou fè alyans solanèl pou nou bay Bondye tèt nou epi pou n ede bati wayòm li sou tè a.

Eldè James E. Talmage te di sou alyans nou fè nan dotasyon an:

“Òdonans dotasyon an gen anpil responsablite bò kote moun k ap fè l la, tankou alyans ak pwomès pou respekte lwa strik moralite ak chastete, pou charitab, bon nan kè, toleran epi pi; pou konsakre ni talan ni mwayen materyèl pou pwopaje laverite epi fè pwogrese ras lòm nan; pou kontinye travay pou kòz laverite; epi pou chèche nan tout fason pou patisipe nan gwo preparasyon tè a ap fè pou l resevwa Wa li, —Senyè a Jezikri. Avèk akseptans chak alyans ak pran responsablite

chak obligasyon, yo pwononse yon benediksyon, ki depann sou obsè-
vans fidèl kondisyon yo” (*The House of the Lord*, rev. ed. [1976], 84).

Ou gen dwa repase alyans yo dekri yo pandan w ap ekri yo sou tablo a.
Metete aksan ke nou fè alyans pou nou jis epi pi, epi tou nou fè alyans
pou nou bay tout sa nou genyen pou n bati wayòm Bondye a. Li dekla-
rasyon sa a:

“Nou se yon pèp alyans. Nou fè alyans pou nou bay sa nou genyen
kòm tan ak lajan ak talan—tout sa nou ye ak tout sa nou posede—
pou fè avanse wayòm Bondye a sou tè a” (*Prepare pou antre nan tanp
sen an*, 35).

- Nan ki fason nou ka bay “tout sa n ye ak tout sa nou posede” pou wayòm Bondye a?
- Kisa ki pafwa anpeche manm yo bay tout sa yo genyen pou wayòm Senyè a?

Ou gen dwa pataje temwayaj ou sou benediksyon ki tonbe nan lavi ou paske ou fè epi respekte alyans tanp yo. Ou gen dwa tou mande yon lòt moun ki dote deja pou l pataje temwayaj li.

NOU DWE RETE FIDÈL A ALYANS NOU FÈ NAN TANP YO

Eksplike ke Senyè a te di: “Moun yo bay anpil, y ap mande yo anpil” (Lik 12:48).

- Kijan ou panse vèsè sa yo ka aplike a alyans nou fè nan tanp yo?

Eksplike ke Senyè a bay òdonans ak alyans tanp yo pou pitit li yo ka konprann bi lavi sa a epi prepare yo pou opòtinite gloriye lavi etènèl yo. Lè nou resevwa benediksyon sa yo, nou vin gen responsablite pou nou viv diy nan konesans ak opòtinite nou yo ki ogmante. Metete aksan ke nou dwe fidèl avèk alyans nou te fè nan tanp yo.

- Poukisa li si enpòtan pou nou fidèl avèk alyans nou fè nan tanp yo?

Mande manm klas yo pou yo li D&A 82:10.

Prezidan Joseph Fielding Smith te di: “Mwen di nou *Senyè a pa dwe nou anyen si nou pa respekte alyans yo*. Senyè a pap janm kraze alyans li. Lè l fè yon alyans avèk youn nan nou, li pap kraze li. Si l ta vin kraze, se nou menm k ap kraze li. Men lè l fin kraze, li pa gen okenn obligasyon pou l banou benediksyon an, e nou pap resevwa li” (*Doctrines of salvation*, konp. Bruce R. McConkie, 3 vol [1954–56], 2:256–57).

FIDELITE NOU A ALYANS YO AP POTE LAPÈ AK SEKIRITE

Eksplike ke tanp lan se yon kote ki gen lapè epi yon refij nan yon mond twouble. Si nou ale nan tanp regilyèman epi rete fidèl a alyans nou yo, n ap jwenn lapè, sekirite, ak direksyon nan lavi nou.

“Mwen menm,
Senyè a, mwen
lye lè nou fè sa
m mande; men lè
nou pa fèsa mwen
mande, nou pa gen
okenn pwomès”
(D&A 82:10).

Eldè Neal A. Maxwell te di: “Si nou respekte alyans nou yo, alyans yo ap kenbe nou ansekirite espiyèlman” (nan Conference Report, Avril 1987, 87; oubyen *Ensign*, Me 1987, 71).

- Nan ki fason alyans nou fè rive jodi a ede kenbe nou espiyèlman an sekirite?

Fè wè ke nan tanp nou fè alyans pou nou viv diy pou n retounen nan prezans Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri. Kèkfwa, nan mitan pwoblèm chak jou nou yo, nou ka mande tèt nou si viv yon fason konsa posib.

Mande manm klas yo pou yo li 1 Nefi 17:3, 13.

- Kisa ekriti sa yo anseye sou fason Senyè a ap ede nou pandan n ap efòse nou pou n retounen a li menm? Nan ki fason ekriti sa yo aplike nan lavi pa ou?

Eldè Boyd K. Packer te di: “Lè nou vin nan tanp epi nou resevwa dotasyon nou, epi nou mete nou ajenou sou otèl tanp lan epi nou sele, nou ka viv yon lavi òdinè epi vin yon nanm òdinè—k ap goumen kont tantasyon, ki febli men ki repanti, epi febli ankò epi repanti, men ki toujou detèmine pou l respekte alyans yo..... Konsa jou a ap rive kote n ap resevwa benediksyon an: “Se byen, sèvitè bon epi fidèl:ou te fidèl nan ti kras bagay, m ap ba ou anpil; antre nan lajwa mèt ou (Matye 25:21).” (*Let Not Your Heart Be Troubled* [1991], 257).

Prezidan Howard W. Hunter te envite nou pou nou ale nan tanp souvan “pou benediksyon pèsònèl adorasyon nan tanp, pou sentete ak sekirite yo bay andedan mi sakre sa yo. Tanp se yon kote ki gen bote, se yon kote ki gen revelasyon, se yon kote ki gen lapè. Se kay Senyè a. Li sen pou Senyè a. Li dwe sen pou nou” (site nan Jay M. Todd, “President Howard W. Hunter,” *Ensign*, Jiyè 1994, 5).

KONKLIZYON

Mande manm klas yo pou yo pataje santiman yo sou benediksyon resevwa òdonans tanp yo epi fè alyans avèk Papa nou ki nan Syèl.

Si tan an pèmèt sa epi si videyo *Together Forever* a disponib nan zòn ou, ou ka pase fim nan.

Ou gen dwa fè manm klas yo chante “Ah! Donne-moi Père.” Rann temwayaj ou sou benediksyon resevwa òdonans tanp yo ak privilèj antre nan alyans avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Envite yon moun pou l fè priyè final la.



APRANN NAN MEN SENYÈ A PA MWAYEN SENBÒL

*“M pral bay pitit
lèzòm liy apre liy,
enstriksyon apre
enstriksyon,
ti mòso isit,
ti mòso lòtbò;
epi moun ki
koutè enstriksyon
m ak konsèy
mwèn yo beni”
(2 Nefi 28:30).*

OBJEKTIF

Ede manm klas yo konprann epi apresye itilizasyon senbòl yo nan tanp.

PREPARASYON

1. Pote yon drapo peyi ou oubyen yon imaj drapo peyi ou.
2. Mande yon manm klas la pou l rezime istwa sou fason youn nan frè yo te reponn yon kesyon sou gaman tanp. Istwa a nan paj 20–21 ak 23 nan liv *Prepare pou antre nan tanp sen an*.

Nòt pou enstriktè a: Òdonans ak alyans tanp yo sakre, e leson sou yo prensipalman limite pou andedan tanp lan. Konsa, leson klas yo dwe limite a eksplikasyon yo bay nan manyèl sa a sèlman.


PREZANTASYON LESON AN

Envite yon moun pou l fè priyè pou kòmanse a

Mande manm klas la si yo gen kesyon. Pran tan sa mande pou reponn tout kesyon yo pi bon fason ou kapab epi jan lespri Senyè a gide ou. Sonje ke nou pa dwe pale sou kèk bagay k ap fèt nan tanp lan lè nou deyò tanp lan.

SENBÒL YO ENPÒTAN NAN LAVI CHAK JOU NOU

Eksplike ke senbòl yo itilize tout tan nan lavi chak jou nou. Fè desen senbòl sa a oubyen lòt senbòl ki apwopriye sou tablo a. Mande manm klas yo pou yo dekri kisa chak senbòl vle di.



Montre klas la drapo peyi ou oubyen yon foto drapo a epi mande yo pou yo dekri kisa drapo a vle di pou yo.

- Ki kèk lòt bagay oubyen kèk lòt aksyon ki montre patriyotis? (yon chan, yon inifòm, yon moso rad, yon jou konje, oubyen yon selebrasyon.)

Eksplike ke senbòl sa yo se senbòl ki kanpe pou patriyotis oubyen ki reprezante patriyotis.

- Ki kèk senbòl pou lanmou ak respè? (Yon kado oubyen yon bag, yon bo oubyen yon akolad, yon fòm kè.)
- Èske senbòl yo reprezante menm mesaj la pou tout moun? Poukisa wi oubyen poukisa non?
- Poukisa nou itilize senbòl?

Kite manm klas yo diskite. Yo ka sigjere ide tankou sa yo:

1. Senbòl ka ede nou sonje bagay ki enpòtan yo
2. Senbòl ka anseye nou verite abstrè ki ka di pou n konprann pa lòt mwayen.
3. Senbòl ka reprezante santiman.
4. Senbòl ka anseye diferan prensip selon pwòp degre preparasyon nou pou n aprann.

Eksplike ke lè senbòl yo repete, nou aprann konprann yo pi byen.

JEZIKRI AK PWOËT LI YO UTILIZE SENBÒL

Eksplike ke Sovè a toujou itilize senbòl lè l ap anseye.

- Èske nou sonje kèk moman kote Senyè a te itilize senbòl pou l anseye?

Manm klas yo ka mansyone kèk bagay tankou brebi pèdi a (gade Matye 18:12–14); yon grenn moutad (gade Matye 13:31–32); oubyen yon pèl gran pri (gade Matye 13:45–46).

- Poukisa nou panse Sovè a te itilize senbòl lè l t ap anseye?

Kite manm klas yo diskite. Apre sa repase deklarasyon sa a:

”Senyè li menm, Mèt Enstriktè a, nan pwòp ansèyman li te bay disip yo te toujou ap anseye an parabòl, yon mwayen vèbal pou reprezante senbolikman bagay ki ta ka difisil pou konprann otreman. Li te pale sou eksperyans komen li te pran nan lavi disip li yo, li te pale sou poul ak ti poulèt, zwazo, flè, rena, pyebwa, vòlè, bandi, kouche solèy, rich ak pòv.... Li te pale sou grenn moutad, sou pèl. Li te vle anseye moun ki t ap koute l yo, konsa li te pale sou bagay senp yo nan yon fason senbolik. Youn nan bagay sa yo pa misterye ni enkonni, men yo tout senbolik.” (*Prepare pou antre nan tanp sen an*, 8).

Eksplike ke pwofèt yo ak apot yo souvan itilize senbòl pou yo anseye sou Jezikri ak Ekspyasyon l lan. Ekspyasyon an se baz levanjil la ak baz tout benediksyon nou resevwa. Li rann sali posib. Konsa, pifò nan senbòl yo nan ekriti yo anseye nou sou Sovè a ak sakrifis li a.

Mande manm klas la pou yo li Moyiz 6:63.

- Ki bagay sou tè a ki rann temwayaj sou Sovè a?

Mande manm klas la pou yo li Alma 13:16.

- Nan ki fason òdonans prèttriz yo rann temwayaj sou Sovè a?

Montre ke anvan Sovè a te fè Ekspyasyon an, pèp alyans li a te sakrifye bèt kòm senbòl Sakrifis Ekspyatwa li a (gade Moyiz 5:4–8). Pratik sa a te fini avèk lanmò ak rezirèksyon Sovè a. Kounyeya Senyè a kòmande nou pou nou “ofri kòm sakrifis yon kè brize ak yon lespri kontri” (3 Nefi 9:20). Epi òdonans Prèttriz yo kontinye ap ede nou sonje sakrifis ekspyatwa Sovè a. Eldè Russel M. Nelson te anseye:

“òdonans esansyèl levanjil yo senbolize Ekspyasyon an. Batèm pa imèsyon se senbòl lanmò, antèman, ak Rezirèksyon Redanmtè a. Pran Sentsèn renouvle alyans batèm yo epi tou renouvle memwa nou sou chè brize Sovè a ak san li te vèse pou nou. Òdonans tanp yo senbolize rekonsilyasyon nou avèk Senyè a epi sele fanmi yo ansanm pou tout tan” (nan Conference Report, Okt 1996, 47; oubyen *Ensign*, Nov 1996, 35).

SENBÒL YO ANSEYE NOU VERITE SI NOU RESEPTIF ESPIRITYÈLMAN

Eksplike ke lè Sovè a t ap viv sou tè a, disip li yo te mande li poukisa li anseye avèk parabòl. Parabòl se istwa ki anseye verite enpòtan, ki souvan itilize langaj senbolik. Fè manm klas yo li Matye 13:10–12 pou yo aprann sa Sovè a te di.

- Kisa ou panse Sovè a te vle di lè li te di sa?

Eksplike ke Senyè a revele verite a moun ki espirityèlman prepare pou konprann li. Moun ki resevwa verite a avèk lafwa ak obeyisans kontinye resevwa plis verite. Moun ki pa prepare espirityèlman epi ki pa resevwa verite a oubyen ki resevwa li avèk dout nan kè ap pèdi verite yo genyen an ti kal pa ti kal.

Istwa avèk senbòl yo prezante verite nan yon fason ke moun ki prepare espirityèlman yo konprann sans senbòl yo. Moun ki pa prepare yo pa konprann sans lan.

Gen kèk moun nan tan Sovè a ki te konprann mesaj parabòl li yo, men anpil pa t konprann yo. Menm bagay la fèt jodi a. Gen anpil nivo konpreyansyon espirityèl nan pami manm jis legliz la.

Fè manm klas la li 2 Nefi 28:30 ak D&A 42:49–50.

- Kisa ekriti sa yo anseye sou fason nou aprann verite nan men Bondye?

Eksplike ke li posib pou nou tout devlope espiritiyèlman rive nan yon nivo kote nou ka konprann sans senbòl yo itilize nan levanjil la, nan ekriti yo, ak espesyalman nan tanp.

NOU RESEVWA ANSÈYMAN SENBOLIK KI PI SAKRE YO NAN TANP

Eksplike ke ansèyman senbolik ki pi sakre sou tè a nou resevwa yo nan tanp. Nan yon fason senbolik, ansèyman ak rit seremoni tanp lan mennen nou nan yon vwayaj monte rive jis nan lavi etènèl, ki fini avèk yon antre senbolik nan prezans Bondye. Moun yo dekri yo, kad fizik la, rad ki mete yo, siy yo bay yo, ak tout lòt evenman yo prezante nan tanp lan senbolik. Lè yo byen konprann, y ap ede chak moun rekonèt verite a epi grandi espiritiyèlman.

“Tout bagay gen imaj yo epi tout bagay kreye epi fèt pou rann temwayaj sou mwen menm, ni bagay tanporèl yo, ni bagay espiritiyèl yo” (Moyiz 6:63).

Gen kèk senbòl ki senp epi dirèk, epi sans yo parèt dirèkteman. Tanp lan li menm se yon senbòl:

“Si nou konn wè youn nan tanp yo lannuit, byen klere, nou wè ki kalite vizyon enpresyonan sa ye. Kay Senyè a, benyen anba limyè, byen dekoupe nan fènwa a, se senbòl pouvwa ak enspirasyon levanjil Jezikri a ki kanpe tankou yon fanal nan yon mond ki ap anfonse li chaj jou pi plis nan tenèb espiritiyèl” (*Preparing to Enter the Holy Temple*, 10).

Rad tanp yo senbolik tou. Lè nou antre nan tanp, nou chanje nou, nou retire rad deyò yo pou n mete rad blan tanp, ki se yon senbòl pite. Prezidan James E. Faust te di:

“Yon pati fondamantal adorasyon nan tanp se prensip ke ‘Bondye pa fè diferans pou pèsonn.’ (Travay 10:34.) Andedan miray tanp yo, pa gen preferans pozisyon, richès, wotè, ras ni edikasyon. Tout moun abiye anblan. Tout moun resevwa menm enstriksyon an. Tout moun fè menm alyans ak menm pwomès. Tout moun resevwa menm benediksyon siprèm, etènèl yo si yo viv diy pou genyen yo. Tout moun egal devan Kreyatè yo” (nan Conference Report, Avril 1997, 23; ou-byen *Ensign*, Me 1997, 20).

Eksplike ke manm ki resevwa òdonans tanp yo epi ki fè alyans avèk Bondye yo mete gaman espesyal (anba rad) pou tout rès lavi yo. Li deklarasyon sa a:

“Gaman an reprezante alyans ki sakre. Li ankouraje pidè epi li vin yon boukliye ak yon pwoteksyon pou moun ki mete li..... Gaman an, ki kouvri tout kò a, se yon rapèl vizyèl epi fizik [alyans ki fèt nan tanp yo]. Pou anpil manm legliz gaman an fòme yon baryè pwoteksyon lè moun ki pote l la ap fè fas a tantasyon. Pami tout lòt bagay li senbolize pwofon respè nou pou lwa Bondye yo—nan pami yo prensip moral yo” (*Preparing to Enter the Holy Temple*, 20, 23).

Mande manm ou te bay tach la pou l rezime fason youn nan otorite yo te dekri bi gaman tanp lan (gade *Preparing to Enter the Holy Temple*, 20-21, 23).

Eksplike ke prèske tout aspè seremoni nan tanp yo senbolik. Sa vle di chak moun dwe prepare pou yo osi espiyèlman reseptif yo kapab pou karaktè senbolik dotasyon tanp lan.

- Kisa ki ka fè yon moun pa ase espiyèlman reseptif nan tanp?

Manm klas yo ka di bagay tankou sa yo:

1. Yon moun ka pa diy. Yon moun ki pa repanti sensèman epi ki pa prepare pou al nan tanp nan imilite ak nan lapriyè ap twouve senbòl sa yo san sans e siyifikasyon yo ap rete kache pou moun sa a.
2. Yon moun ka manke lafwa. Yon moun ki pa gen lafwa nan Jezikri ak nan seremoni tanp ka pa resevwa enspirasyon Sentespri a ki nesesè pou konprann dotasyon tanp lan.
3. Yon moun ka konsantre l sitèlman sou rityèl seremoni yo ke li ka rate gwo ansèyman puisan senbòl yo reprezante yo.

- Nan ki fason nou ka prepare pou nou espiyèlman reseptif nan tanp lan?

KONKLIZYON

Fè wè ke moun ki aprale nan tanp premye fwa yo ka atann y ap aprann anpil nouvo bagay epi santi pouvwa Lespri Senyè a. Ankouraje manm yo pou yo prepare tèt yo espiyèlman pou eksperyans tanp yo. Fè yo sonje ke yo pap konprann tout sa yo prezante yo nan yon sèl vizit. Yo dwe retounen nan tanp osi souvan yo kapab pou yo ka kontinye aprann epi renouvle santiman espiyèl yo.

Mande yon moun fè priyè final la.



PREPARE POU ANTRE NAN TANP SEN AN

*“Epi si pèp mwen
an bati yon kay
pou mwen nan
non Senyè a epi
yo pa pèmèt okenn
bagay ki pa pi
antre ladan, pou
l pa souye, glwa
mwen ap repoze
ladan li.”
(D&A 97:15).*

OBJEKTIF

Prepare manm klas la pou yo diy pou yo antre nan tanp.

PREZANTASYON LESON AN

Envite yon moun pou l fè priyè pou kòmanse a.

Mande manm klas la si yo gen kesyon. Pran tan sa mande pou reponn tout kesyon yo pi bon fason ou kapab epi jan lespri Senyè a gide ou. Sonje ke nou pa dwe pale sou kèk bagay k ap fèt nan tanp lan lè nou deyò tanp lan.

CHAK MOUN DWE PREPARE YO POU YO ALE NAN TANP

Eksplike ke chak moun pèsònèlman responsab pou pran tout dispozisyon pou jwenn tout benediksyon tanp yo.

Brèfman diskite sou senk ide sa yo. Chak pwopoze yon fason nou ka prepare nou pou antre nan tanp. Ou gen dwa fè lis yo sou tablo a pandan w ap diskite yo.

1. Chak moun dwe diy.

Mande klas la pou li D&A 97:15–17.

- Kisa pasaj sa a anseye sou enpòtans pou yon moun diy pou antre nan tanp?

Prezidan Howard W. Hunter te mande nou pou nou reflechi sou “atitid ak konpòtman ki jis Senyè a oryente nou yo nan konsèy li te bay Sen Kirtland yo pa bouch Pwofèt Joseph Smith pandan yo t ap prepare yo pou yo te bati yon tanp.”

Konsèy sa a nan D&A 88:119. Mande manm klas la pou yo li pasaj sa a.

Mande manm klas yo tou pou yo reflechi sou kesyon Prezidan Hunter poze a: “Eske atitid ak konpòtman ki jis sa yo vrèman reprezante sa nou chak vle ak sa n ap chèche ye?” (“The Great Symbol of Our Membership,” *Ensign*, Okt 1994, 2).

2. Chak moun dwe enb.

Chak moun dwe antre nan tanp lan avèk imilite, avèk yon dezi pou resevwa ansèyman soti anwo nan syèl la.

- Poukisa imilite osi enpòtan pandan n ap sèvi epi aprann nan tanp lan?

Fè manm klas yo li D&A 136:32–33.

- Kisa pasaj sa a anseye sou enpòtans imilite? Kijan nou ka aplike konsèy sa a lè nou prale nan tanp premye fwa?

3. Chak moun dwe konprann ke resevwa òdonans ak alyans tanp yo esansyèl pou jwenn lavi etènèl.

“Òganize nou, prepare tout sa ki nesèsè epi tabli yon kay ki ap yon kay lapriyè, yon kay jèn, yon kay lafwa, yon kay lakonesans, yon kay laglwa, yon kay lòd, yon kay Bondye.” (D&A 88:119).

Prezidan Harold B. Lee te di: “Seremoni tanp yo prepare pa Papa nou ki nan Syèl la, ki saj, ki revele yo ba nou nan dènye jou sa yo kòm gid ak pwoteksyon pandan tout lavi nou, pou nou menm avèk mwen, nou kapab fè tout sa ki nesèsè pou n merite egzaltasyon nan wayòm selès la kote Bondye ak Kris la rete” (“Enter a Holy Temple,” *Improvement Era*, Jen 1967, 144).

Prezidan Joseph Fielding Smith te di: “Benediksyon sa yo ba nou garanti, si nou fidèl, pèl gran pri Senyè a ofri nou an, paske *se pi gwo benediksyon nou kapab resevwa nan lavi sa a*. Se yon bagay ki mèveye pou vin manm legliz la, men nou pa ka resevwa yon egzaltasyon si nou pa fè alyans yo nan kay Senyè a epi resevwa kle ak otorite yo bay nan kote sa a ke nou pa ka jwenn okenn lòt kote sou tè a jodi a” (*Doctrine du Salut*, comp. Bruce R. McConkie, 3 vol. [1954–56], 2:253).

4. Chak moun dwe konprann enpòtans mete gaman tanp lan.

Eksplike ke moun ki patisipe nan seremoni tanp yo gen privilèj pou yo mete gaman Prètriz ki Sen an. Nan yon deklarasyon li te bay legliz la, Premye Prezidans lan te di:

“Manm legliz ki mete gaman nan tanp lan fè alyans pou yo pote li pandan tout lavi yo. Sa vle di yo dwe mete li kòm sou vètman (anba rad) lajounen tankou lannuit....

Prinsip fondamantal la se mete gaman an e non pa chèche okazyon pou retire li.Lè nou oblije retire gaman an nou dwe remete li osi vit nou kapab.

Prinsip gen pidè epi byen abiye byen kouvri kò a se yon pati nan alyans lan e li dwe konsidere nan kalite rad n ap met sou nou. Manm legliz la ki dote yo mete gaman kòm yon rapèl alyans sakre yo fè avèk Senyè a epi tou kòm yon pwoteksyon kont tantasyon ak mal. Fason nou pote li fizikman se yon ekspresyon angajman enteryè nou pou nou suiv Sovè a.” (lèt Premye Prezidans lan, 10 Okt 1988).

5. Chak moun dwe prepare pou adorasyon pèsònèl epi sakre.

Nan tanp lan, anvan, pandan, epi apre seremoni yo, gen okazyon pou yon moun medite epi pwoche pi pre Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri. Chak moun fè fas ak kesyon ki mande repons, ak fado ki lou

ki bezwen soulajman, ak pwoblèm ki bezwen rezoud. Anpil moun itilize tanp kòm yon kote pou yo retire yo de mond lan epi kominike avèk Papa nou ki nan Syèl la. Anpil moun jwenn repons, lapè, ak lajwa nan tanp lan.

Prezidan Ezra Taft Benson te di: "Tanp se yon kote ki gen revelasyon pèsònèl. Lè m akable pa yon pwoblèm oubyen yon difikilte, mwen ale nan kay Senyè a avèk yon priyè nan kè mwen pou m chèche yon repons. Mwen toujou jwenn repons lan nan yon fason klè ki san twonpe." ("What I Hope You Will Teach Your Children about the Temple," *Ensign*, Out 1985, 8).

Eksplike ke nan tanp lan, nou ka bay non moun nou konnen ki gen bezwen espesyal pou moun ki al nan tanp yo ka ini lafwa yo ak la-priyè yo anfavè moun sa yo.

PREPARASYON ESPESYAL POU PREMYE VIZIT NAN TANP

Enfòmasyon nou pral bay la yo ap ede chak moun fè tout preparasyon ki nesèsè pou premye vizit yo nan tanp epi asire yo ke vizit sa a edifyan. Diskite avèk manm klas yo sou enfòmasyon ki aplike nan sikonstans pa yo.

1. *Rekòmandasyon tanp.* Chèche gen yon rekòmandasyon pou tanp. Asire ou ke ou gen rekòmandasyon ou avèk ou lè w pral nan tanp lan, paske se sèlman moun ki gen rekòmandasyon ki valid ki ap antre. Si w ap viv diy, rekòmandasyon an ap pèmèt ou antre nan nenpòt tanp legliz la osi souvan ou ta vle pandan de pwochen ane yo. Pou renouvle rekòmandasyon tanp lan, ou dwe fè entèvyou avèk yon manm episkopa a oubyen yon manm prezidans branch lan epi avèk yon manm prezidans pye ou oubyen prezidans misyon ou.
2. *Oganize vizit la.* Anvan ou ale nan tanp pou resevwa dotasyon ou oubyen òdonans sèlman an, rele tanp lan pou pran randevou. Chèche konnen kilè pou ou rive nan tanp lan, konbyen tan ou dwe planifye pou w rete epi kisa pou w pote avèk ou. Mande èd pou tradiksyon si sa nesèsè.
3. *Plan vwayaj la.* Si w ap viv lwen tanp lan, ou dwe konsidere bagay sa yo:
 - Fè aranjman pou transpò, kote w ap rete, ak sa w ap manje alavans. Li ka pi bon si ou vwayaje avèk yon gwoup si l posib.
 - Si nesèsè, fè aranjman pou w chanje kòb ou selon kote tanp lan ye a.
 - Chèche gen ase kòb pou w kouvri tout depans ou. Ou ka bezwen achte gaman anplis, lwe rad tanp, epi peye pou otèl ak vwayaj la.

4. *Abiye*. Planifye pou w abiye kòm si ou ta prale legliz jou Dimanch. Fi pa dwe mete pantalon sou yo pou ale nan tanp.
5. *Moun pou akonpaye w*. Tout moun ki prale nan tanp pou premye fwa dwe gen yon moun pou akonpaye yo. Se ka yon paran oubyen yon zanmi menm sèks la ki deja ale nan tanp, oubyen youn nan travayè tanp yo ka fè sa. Travayè tanp yo gide nou amikalman nenpòt ki lè.
6. *Sèlman*. Si ou planifye pou w fè òdonans pou zansèt ki deja mouri w yo, ou dwe pote yon fèy gwoupman familyal avèk ou nan tanp lan. Si ou menm ak konjwen ou pral sele oubyen si nou pral sele avèk pitit nou, ou dwe gen pwòp fèy gwoupman familyal pa ou. Si w pral marye, ou bezwen gen avèk ou ak maryaj ou ki valid. Byen li *Members' Guide to Temple and Family History Work* (34697) la pou plis detay sou fason pou fè òdonans tanp yo ni pou vivan ni pou mò yo.
7. *Swen timoun yo*. Si timoun yo ap vin nan tanp pou sèlman, y ap pran swen yo pou ou nan gadri tanp lan jiskaske lè a rive pou yo vin jwenn ou nan sal sèlman an. Tanp lan ap bay timoun yo rad blan pou seremoni an. Apre sèlman an, yo ap retounen nan gadri a pou tann ou. Yo pa prevwa gadri nan tanp lan pou okenn timoun ki pap vin sele avèk paran yo.
8. *Gaman*. W ap bezwen achte youn oubyen de pè gaman anvan ou antre nan tanp lan. Pa mete yo sou ou anvan ou ale nan tanp lan. Apre ou fin resevwa dotasyon ou epi lè ou fin si ou jwenn bon gwosè ak bon kalite gaman ou bezwen an, ou ka achte plis gaman. Gen kèk moun ki renmen lave premye pè gaman an pou yo asire yo ke li bon pou yo anvan yo achte lòt. Se legliz la ki fè gaman yo e ou ka achte yo nan Sant Distribisyon Legliz yo.
9. *Rad Tanp*. Premye Prezidans lan ankouraje manm yo pou yo achte epi itilize pwòp rad tanp pa yo. Nan kèk tanp li posib pou lwe rad tanp pou yon ti kras kòb, men li preferab pou manm yo genyen epi antre ni pwòp rad tanp pa yo. Evèk la oubyen Prezidan Branch lan ka bay enfòmasyon sou kote yo ka achte rad sa yo.
Sè yo ka mete pwòp rad maryaj pa yo pou maryaj yo nan tanp, men rad la dwe blan, li dwe gen manch long, twal la ak mòd la dwe gen pidè, li pa dwe gen trèn ni okenn dekorasyon oubyen desen aleksè.

“Seremoni tanp yo prepare pa Papa nou ki nan syèl la, ki saj ...poutèt pou ou menm avèk mwen nou kapab fè tout sa ki nesesè pou merite egzaltasyon nan wayòm selès la” (Prezidan Harold B. Lee).

KONKLIZYON

Rann temwayaj ou sou karaktè sakre travay tanp. Di kontantman ou dèske ou wè manm klas yo ap prepare yo pou ale nan tanp.

Fè yon moun fè priyè final la.

Apre leson sa a, moun ki patisipe nan kou sa a ak enstriktè yo dwe ale nan tanp ansanm kote sa posib.



KONTINYE RESEVWA BENEDIKSYON FREKANTASYON TANP

“Men, mwen aksepte kay sa a, epi non mwen ap isit la; epi m ap manifeste m avèk mizèrikòd bay pèp mwen an nan kay sa a” (D&A 110:7).

OBJEKTIF

Pou fè suivi avèk premye vizit manm klas la nan tanp lan epi ede yo prepare yo pou yo frekante tanp pandan tout lavi yo.

PREPARASYON

1. Prepare pou fè leson sa a yon moman echanj. Pifò manm klas la ap anvè pataje premye vizit yo nan tanp lan.
2. Bay yon manm klas la tach pou l prepare l pou li D&A 110:1–10 epi pataje enpresyon li sou pasaj sa a.
3. Bay yon manm klas la fè rezime enfòmasyon sou Eli ki prezante nan liv *Prepare pou antre nan tanp sen an*, paj 23–24.
4. Prepare pou reponn kesyon ki ka genyen pandan premye vizit nan tanp lan, men pa pale sou kesyon ni enfòmasyon ki rezève pou pale sèlman nan tanp yo. Si manm klas yo gen kesyon konsa, plani-fye lòt vizit nan tanp ansanm pou reponn yo.

PREZANTASYON LESON AN

Envite yon moun fè priyè pou kòmanse a.

Mande manm klas la si yo gen kesyon. Pran tan sa mande pou reponn tout kesyon yo pi bon fason ou kapab epi jan lespri Senyè a gide ou. Sonje ke nou pa dwe pale sou kèk bagay k ap fèt nan tanp lan lè nou deyò tanp lan.

KONSÈVE YON LANMOU POU TRAVAY TANP

- Kijan ou te santi ou lè w te nan tanp lan?

Eksplike ke travay tanp ap pote benediksyon san fen nan lavi moun ki ale souvan nan tanp. Di manm klas yo ke pandan eksperyans tanp yo toujou frèch nan lespri yo, li ta bon pou yo ekri enpresyon yo sou li nan journal yo. Raple yo ke menmsi yo vle ekri sou sa yo te santi, gen kèk detay nan travay tanp lan yo pa dwe ekri, ki pa kapab diskite deyò tanp lan.

- Kisa ou ka fè pou konsève yon lanmou pou travay tanp pandan tout lavi ou?

Ekri ide manm klas yo sou tablo a. Ou gen dwa prezante ide sa yo tou:

1. Medite chak jou sou eksperyans tanp lan.

Eksplike ke gen moun ki gen plis okazyon pou ale nan tanp pase lòt. Men yon fwa nou fin al nan tanp epi santi Lespri a kote sa a, nou dwe pran okazyon chak jou pou n medite sou seremoni tanp yo epi reflechi sou alyans nou te fè yo. Lè nou fè sa, l ap ankouraje nou chak jou pou nou panse epi aji nan plis dwati.

Nou pap ka sonje tout bagay ki te pase nan tanp lan, men nou dwe eseye sonje plis nou kapab apre chak vizit. Nou dwe li ekriti yo ak pawòl pwofèt yo tou sou tanp. Gen kèk yo banou nan kou sa a.

Ou gen dwa fè yon manm klas la fè rezime deklarasyon sa a, ki nan paj 10 nan liv *Prepare pou antre nan tanp sen an*:

“Ou pap fin byen konprann seremoni tanp lan premye fwa a. W ap konprann li sèlman an pati. Retounen ankò epi ankò epi ankò. Retounen pou aprann. Bagay ki twouble w yo oubyen ki enkyete ou yo oubyen ki parèt mistè pou ou yo, w ap vin konnen yo....

Lè ou jwenn okazyon pou ale nan yon sesyon dotasyon nan tanp lan oubyen pou w temwen yon sèlman, medite sou sans pwofon sa ou wè y ap demontre w yo. Epi nan jou apre yo, konsève bagay sa yo nan lespri ou; kalmeman epi nan yon lespri lapriyè repase yo epi w ap wè konesans ou ap vin ogmante.

Youn nan pi gwo valè eksperyans tanp sèke li prezante gwo panorama konplè bi Bondye konsènan tè sa a. Yon fwa nou fin ale nan tanp (epi nou ka retounen epi rafrechi memwa nou), evenman lavi yo vin byen ajiste nan plan an. Nou vin wè an pèspektiv kote nou ye a, e nou ka wè byen vit lè nou pran move direksyon.”

2. Sonje ke sant tout adorasyon tanp se Sovè a, Jezikri.

Ekriti yo anseye ke yon rezon enpòtan pou bati tanp se pou “Pitit Gason Lòm nan jwenn yon kote pou l manifeste l a pèp li a” (D&A 109:5). Senbòl ak rityèl tanp yo ede nou konsantre atansyon nou sou Sovè a.

Eksplike ke Sovè a te manifeste li Li menm nan tanp Kirtland nan. Li te parèt a Joseph Smith epi Oliver Cowdery pou l aksepte tanp lan kòm kay li. Vizit sa a rakonte nan D&A 110:1–10. Mande manm klas la ou te bay tach la pou l li epi fè kòmantè sou pasaj sa a.

- Ki benediksyon Sovè a te pwomèt moun ki bati epi ale nan tanp?

NAN TANP LAN, MANM FANMI YO SELE ANSANM POU LETÈNITE

Mande klas la pou li Malachi 4:5–6.

Mande manm klas la ou te bay tach la pou l fè rezime sou Eli a ki nan liv *Prepare pou ale nan tanp sen an*, paj 23–24.

Eksplike ke Eli te retounen epi li te retabli kle prèttriz yo ki pèmèt manm fanmi yo sele ansanm pou letènite.

Fè klas la repase D&A 110:13–16. Apre sa mande yon manm klas la pou li deklarasyon sa a, ki nan paj 28 nan liv *Prepare pou antre nan tanp sen an*:

“Soti nan jou sa a, 3 Avril 1836, kè timoun yo kòmanse tounen vè papa yo. Apre sa, òdonans sa yo te vin pa tanporè, men pèmanan. Pouvwa sèlman an te avèk nou. Pa gen okenn lòt otorizasyon ki pi gran pase li nan valè li. Pouvwa sa a bay yon siyifikasyon ak pèmanans etènèl pou tout òdonans ki akonpli pa bon otorite a pou ni moun ki vivan ni moun ki mouri.”

Sovè a te dekri pouvwa sèlman an lè li te pale avèk apot Pyè, jan sa ekri nan Matye 16:19. Fè manm klas la li vèsè sa a.

Eksplike ke menm kle sa yo jodi a detni pa pwofèt prezidan legliz la. “Pouvwa sakre sèlman sa a nan legliz la jodi a. Okenn lòt bagay pa konsidere avèk venerasyon pi sakre pa moun ki konprann siyifikasyon otorite sa a. Pa gen anyen ki detni avèk plis swen pase li. Pa gen anpil gason ki detni pouvwa sèlman sa a sou tè a nan tout dispansasyon yo—nan chak tanp gen frè yo bay pouvwa sèlman an. Yo pa ka resevwa li nan men lòt moun ke pwofèt la, vwayan, revelatè epi Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo oubyen nan men moun li delege pou bay lòt pouvwa sa a” (*Prepare pou antre nan tanp sen an*, 24, 26).

Eksplike ke òdonans sèlman yo gen ladan yo sèlman yon mari ak yon madanm youn avèk lòt epi sèlman paran yo avèk timoun yo. Lè paran yo sele nan tanp, timoun yo fè yo tou fèt nan alyans sèlman paran yo e yo pa bezwen sele avèk paran yo.

- Nan ki fason ou panse sele ansanm nan tanp ka afekte panse ak aksyon toulèjou yon fanmi?
- Ki benediksyon ou panse yon fanmi ap jwenn paske li sele nan tanp?

Prezidan Gordon B. Hinckley te di: “Èske janm gen yon gason ki vrèman renmen yon fi, oubyen yon fi ki vrèman renmen yon gason, ki pa janm priye pou ke relasyon yo kontinye menm apre lanmò? Èske janm gen paran ki antere yon timoun ki pa anvè gen asirans ke moun yo renmen sa a ka pou yo ankò nan lòt mond lan? Èske gen yon moun ki kwè nan lavi etènèl ki ka doute ke Bondye nan syèl la ap

bay pitit gason li ak pitit fi li kalite pi presye lavi sa a, lanmou, ki jwenn sans ki pi pwofon li nan relasyon fanmi? Non, larezon menm mande ke relasyon fanmi dwe kontinye apre lanmò. Kè imen an anvi sa, e Bondye nan syèl la revele yon mwayen pou pèmèt sa fèt. Òdonans sakre yo nan kay Senyè a pèmèt sa fèt” (“Why These Temples?” *Temples of The Church of Jesus Christ of Latter-day Saints* [1988], 4).

TANP BANOU OKAZYON POU SÈVI MOUN KI MOURI YO

Fè manm klas la li Abdyas 1:21.

Pwofet Joseph Smith te eksplike kijan manm legliz yo ka vin sovè sou Mòn Siyon.

“Men kijan Sen yo vin sovè sou Mòn Siyon? Nan bati tanp, konstwi fon batismo, epi ale epi resevwa odonans, batèm, konfimasyon, lavman, onksyon, òdinasyon ak pouvwa sèlman an sou tèt yo, nan non tout zansèt ki deja mouri yo, epi rachte yo pou yo ka leve nan premye rezirèksyon an epi egzalte nan twòn glwa yo avèk yo; e se nan bagay sa yo ki genyen chenn ki ini kè papa yo a timoun yo, epi timoun yo a papa yo, ki akonpli misyon Eli a” (*History of the Church*, 6:184).

“Travay pou mò ki akonpli nan tanp nou yo dwe fèt nan menm espri devouman ak sakrifis dezenterese ki te karakterize lavi Mèt la” (Prezidan Thomas S. Monson).

Eksplike ke kom pati plan Sali a, Papa nou ki nan Syèl la prepare mwayen pou pèmèt moun ki mouri san yo pa resevwa òdonans sali levanjil yo resevwa yo. Moun nan mond lespri yo gen okazyon pou yo tande levanjil la. Yo ka aksepte li, men yo pa ka resevwa òdonans levanjil yo poukont yo. Senyè a kòmande nou pou nou akonpli òdonans sa yo pou yo nan tanp sen yo. Nou dwe fè efò espesyal pou nou fè travay istwa famiyal pou nou ka resevwa òdonans yo pou pwòp zansèt nou yo.

Odonans pou moun ki mouri yo akonpli nan tanp yo se batèm, konfimasyon, òdinasyon nan Prètriz la, dotasyon, ak sèlman mari avèk madanm epi paran avèk pitit.

Nou dwe retounen nan tanp osi souvan sikonstans yo pèmèt nou fè sa pou nou ka sèvi moun ki mouri yo nan fè odonans pou yo. N ap beni lavi moun n ap sèvi yo epi beni pwòp lavi pa nou tou. Yo bay enfòmasyon sou fason pou fè rechèch jeneyalojik ak òdonans pou moun ki mouri yo nan liv *A Member’s Guide to Temple and Family History Work* la (34697).

Prezidan Thomas S. Monson te di:

“Apresyasyon pou dotasyon tanp ak òdonans sèlman ap rapwoche manm fanmi nou vin youn pi pre lòt epi yo chak ap vin gen dezi pou yo mete menm benediksyon sa yo a dispozisyon moun ki chè pou yo ki deja mouri yo...

Travay pa pwokirasyon ki fèt nan tanp nou yo dwe fèt nan menm espri devouman ak sakrifis dezenterese ki te karakterize lavi Mèt la. Lè nou toujou sonje li, sa vin pi fasil pou nou fè pati pa nou nan travay kapital sa a. Chak fwa nou gade youn nan kay sen sa yo, ke nou sonje posiblite etènèl ki andedan yo, pa sèlman pou nou menm, men pou mò nou yo tou“ (*Pathways to Perfection* [1973], 206–7).

KONKLIZYON

Mete aksan ke ale nan tanp pèmèt nou sèvi lòt moun epi kontinye akeri pi gwo konesans espiyèl. Pataje deklarasyon sa a:

“Pa gen okenn zèv ki pi yon pwoteksyon pou legliz sa a pase travay tanp ak rechèch geneyalajik ki soutni li. Pa gen okenn travay ki pi pirifyan espiyèlman. Pa gen okenn travay nou fè ki banou plis pouvwa pase li. Pa gen okenn travay ki mande yon pi wo degre dwati konsa

Si nou aksepte revelasyon konsènan travay òdonans tanp yo, si nou fè alyans nou yo san rezèv ni eskiz, Senyè a ap pwoteje nou. N ap resevwa enspirasyon ase pou pwoblèm lavi yo.....

Konsa, vini nan tanp—vini epi pran benediksyon nou yo. Se yon travay ki sakre“ (*Prepare pou antre nan tanp sen an*, 37).

Fini leson an avèk temwayaj ou. Ankouraje manm klas yo pou yo retounen souvan nan tanp pou yo ka anseye pa Lespri Senyè a.

Ou mèt di manm klas la pou yo chèche jwenn epi gade lakay yo videyo *Mountain of the Lord* (53300) la ke y ap jwenn nan Sant Distribisyon Legliz la. Prezantasyon 73 minit sa a rakonte istwa konstriksyon Tanp Salt Lake la.

Envite yon moun fè priyè final la.

LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO

HAITIAN



4 02368 54036 3

36854 036